# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ
14.12.1992-ж. №229/XII

## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ МӘМЛЕКЕТЛИК БАЙРАҒЫ ҲАҚҚЫНДА

Усы Нызамға төмендегилерге муўапық өзгерислер киргизилген
09.04.1993-ж. 229/XII-санлы ҚР Нызамы
29.08.2005-ж. 49/III-санлы ҚР Нызамы
21.10.2011-ж. 99/VII-санлы ҚР Нызамы

**1-статья.** Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекетлик байрағының схематикалық ҳәм реңли тәрийплемеси (қоса тигиледи) тастыйықлансын.

**2-статья.** Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик байрағы Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик суверенлигиниң символы болып табылады. *(ҚР ЖК 21.10.2011-ж. 99/VII-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**3-статья.** Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик байрағы:
Қарақалпақстан Республикасы аймағында өткерилетуғын халық аралық конференцияларда, көргизбелерде, спорт жарысларында Қарақалпақстан Республикасын танытады. *(ҚР ЖК 21.10.2011-ж. 99/VII-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**4-статья.** Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик байрағы туўры мүйешли борлат болып, ол аспан көк, тойғын Сары ҳәм жасыл реңлердиң үш горизонталь жолақларынан ибарат. Тойғын Сары реңиниң жолағын ақ ҳәм қызыл жийеклер менен ажыратып турады.

Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик байрағының узынлығы – 250 см, ени – 125 см. Аспан көк ҳәм жасыл жолақлардың өз-ара тең ҳәм 42 см ди қурайды. Байрақтың ортасына жайласқан тойғын Сары рендеги жолақтың ени 34 см. Ақ жийеклердиң ени – 1,0 см., қызыл жийеклердиң ени – 2,5 см ден ибарат.

Жоқарғы аспан көк жолақта ақ реңли ярым ай сүўретленген (оның дөңес жағы байрақтың таяқшасына қаратылған) ҳәм оның оң тәрепинде (егер байрақтың бет жағынан қарағанда) өз-ара тең, ақ реңли бес қырлы жулдыз бар.

Ақ реңли ярым ай, диаметрлери сәйкес 22 см ҳәм 19 см болған еки шеңбердиң кесисиўинен пайда болып, ол шеңберлердиң орайлары аспан көк түсиндеги жолақты тендей екиге бөлип турған туўры сызықта жатады. Усы шеңберлердиң орайлары арасындағы аралық – 4 см. Қарақалпақстан

Республикасының Мәмлекетлик байрағының таяқшасынан ярым айға дейинги аралық – 20 см.

Ақ реңли бес қырлы жулдызлар 34 см x 18 см муғдарындағы туўры мүйешликке үйлесип тур. Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик байрағының таяқшасынан туўры мүйешликке дейинги аралық – 42 см.

Ақ реңли бес қырлы жулдыз еки қатарға төмендегише жайласқан:

- жоқарғы қатар еки жулдыздан, төменги қатар – үш жулдыздан ибарат;

- ҳәр бир жулдыз диаметри 10 см болған шеңберге үйлеседи. Ақ реңли ярым айдың төменги ноқаты ҳәм төменги қатардағы жулдызлар нурларының шыңлары жоқарғы ақ жийектен 10 см аралықта жайласқан горизонталь сызық пенен байланысады. Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик байрағының бетки ҳәм сыртқы тәреплери байрақтың таяқшасы симметриялы келеди. *(ҚР ЖК 21.10.2011-ж. 99/VII-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**5-статья.** Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекетлик байрағы:

1) турақлы түрде:

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесинин;

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесинин;

Қарақалпақстан Республикасы Конституциялық бақлаў комитетинин;

республика мәмлекетлик басқарыў уйымларының;

Қарақалпақстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының;

жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының;

судлардың;

прокуратура уйымларының имаратларында;

2) турақлы түрде:

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесинин;

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесинин;

Қарақалпақстан Республикасы Конституциялық бақлаў комитетинин;

Қарақалпақстан Республикасы Жынаят ислери бойынша Жоқары судының, Қарақалпақстан Республикасы Пуқаралық ислери бойынша Жоқары судының, Қарақалпақстан Республикасы Хожалық судының;

республика мәмлекетлик басқарыў уйымларының;

Қарақалпақстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының;

жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының мәжилислер залында;

3) турақлы түрде:

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Баслығының;

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының;

Қарақалпақстан Республикасы Конституциялық бақлаў комитети баслығының;

Қарақалпақстан Республикасы Жынаят ислери бойынша Жоқары суды, Қарақалпақстан Республикасы Пуқаралық ислери бойынша Жоқары суды, Қарақалпақстан Республикасы Хожалық суды баслықларының;
республика мәмлекетлик басқарыў уйымлары басшыларының;
Қарақалпақстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы баслығының;
район ҳәм қала ҳәкимлериниң хызмет ханаларында көтериледи;

4) Өзбекстан Республикасының ҳәм Қарақалпақстан Республикасының нызамлары менен белгиленген байрам күнлеринде - Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң, район ҳәм қала ҳәкимлериниң қарарлары менен белгиленген орайлық көшелерде, майданларда, басқа да жәмийетлик орынларда ҳәм объектлеринде;

5) Өзбекстан Республикасының Президенти сайлаўы, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасы депутатларын, Сенат ағзаларын, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутатларының, халық депутатлары районлық, қалалық Кеңеслериниң депутатларын сайлаў ямаса референдум күнлери даўыс бериў имаратлары ҳәм ханаларда көтериледи;

6) Қарақалпақстан Республикасы ҳүкиметиниң буйрығы бойынша;

7) спорт майданларында - Қарақалпақстан Республикасының чемпионатлары ҳәм биринширликлери, миллий сайланды командалардың қатнасыўында Қарақалпақстан Республикасы аймағында халық аралық спорт жарысларын өткериў ўақтында ҳәм миллий сайланды командаларының ўәкиллери болған жарыс жеңимпазларын сыйлықлаў мәресимлери ўақтында Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик байрағы көтерилгеннен кейин.

Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик байрағы оған болған тийисли дәрежедеги ҳүрмет тәмийинленген ҳалда улыўмалық байрамлар ҳәм салтанатлы мәресимлер ўақтында көтерилиўи мумкин.

**5[1]-статья.** Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик байрағы:

Усы Нызамның 5-статьясының 4-бәнтинде нәзерде тутылған жағдайларда саат 6 да көтериледи ҳәм саат 22 де түсирип қойылады;

Усы Нызамның 5-статьясының 5-бәнтинде нәзерде тутылған жағдайларда даўыс бериў ямаса референдум өткизиў дәўиринде көтерилип қойылады.

**5[2]-статья.** Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик байрағының тәрийплемеси тусирилген белгилерден Қарақалпақстан Республикасына тийислиликти белгилеў мақсетинде предметлерде, оқыў-тәрбия процессинде, сондай-ақ Қарақалпақстан Республикасы мәмлекетлик сыйлықларының элементи сыпатында пайдаланылыўы мумкин.

Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекетлик байрағының элементлерин мәмлекетлик емес шөлкемлери ҳүжжетлериниң реквизитлери ямаса реклама материалларына киргизилиўине жол қойылмайды.

Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик байрағының тәрийплемеси тусирилген белгилерден ислеп шығарып атырған ямаса реализация етилип атырған товарларды (жумысларды, хызметлерди) өткизиў ушын коммерциялық мақсетлерде пайдаланыў мумкин емес.

Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлердиң белгилери Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик байрағына уқсас болыўы мумкин емес. *(ҚР ЖК 21.10.2011-ж. 99/VII-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**6-статья.** Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик байрағы менен бир ўақытта Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик байрағы көтерилгенде,

Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик байрағы (имараттың алдыңғы жағына қарап турғанда) оң тәрепинен көтерилиўи керек.

Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик байрағы менен бир ўақытта бир неше мәмлекетлер ҳәм (ямаса) халық аралық шөлкемлердиң байрақлары көтерилгенде Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик байрағы халық аралық ҳуқық нормаларына муўапық көтериледи.

Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик байрағы басқа мәмлекетлер ҳәм (ямаса) халық аралық шөлкемлердиң байрақлары менен тең дәрежеде көтерилиўи керек. *(ҚР ЖК 21.10.2011-ж. 99/VII-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**7-статья.** Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик байрағы жайларда үлкен кирер аўыздың төбесинде ямаса буның ушын қолайлы орында, ямаса кийдирилетуғын сапта, ямаса флагштокта көтериледи, бунда байрақтың сабы жайдың фасады менен қоса 45 градустан аспайтуғын мүйешти пайда етеди.

Көтерилген Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекетлик байрағының борлаты жерден ең кеминде 2,5 метр бәлентликте болыўы керек. *(ҚР ЖК 21.10.2011-ж. 99/VII-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**8-статья.** Аза тутыўға байланыслы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының шешими бойынша Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик байрағы азалы безелиўинде көтерилиўи мүмкин. Бул жағдайда Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекетлик байрағының сабынан ямаса флагштоктан жоқарғы ушына ени байрақтың ениниң жигирмадан бирине (1/20) тең қара лента бекитиледи, оның еки ушы байрақтың пүткил енине салбырап турады.

Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик байрағы аза тутыўға байланыслы флагштокта көтерилгенде ол флагшток узынлығының үштен бирине (1/3) түсириледи. *(ҚР ЖК 21.10.2011-ж. 99/VII-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**9-статья.** Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик байрағы ҳәм оның тәрийплемеси көлемине қарамастан усы Нызамға қоса тигилген реңли ҳәм схематикалық тәрийплерине бәрқулла туўры келиўи тийис.

Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик байрағын таярлаў, сақлаў ҳәм жоқ қылыў тәртиби Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен белгиленеди. *(ҚР ЖК 21.10.2011-ж. 99/VII-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**10-статья**. Усы Нызам орынланыўын тәмийнлеў тийисли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары ҳәм басқа шөлкемлер басшыларына жүкленеди. *(ҚР ЖК 21.10.2011-ж. 99/VII-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**11-статья.** Усы Нызамның мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлер тәрепинен орынланыўы үстинен бақлаў ишки servicesислер уйымлары тәрепинен әмелге асырылады. *(ҚР ЖК 21.10.2011-ж. 99/VII-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**12-статья**. Қарақалпақстан Республикасының пуқаралары, сондай-ақ Қарақалпақстандағы басқа да адамлар Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик байрағын ҳүрметлеўи шәрт.

Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик байрағы ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерин бузғанлықта айыпкер шахслар белгиленген тәртипте жуўапкер болады. *(ҚР ЖК 21.10.2011-ж. 99/VII-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*